# ФИЛОЛОГИЯ

## Литература народов Российской Федерации (литература народов Северного Кавказа)

ЩIэныгъэ тхыгъэ
УДК 821.352.3
DOI: 10.31143/2542-212X-2026-1-212-222
EDN: SLFPYA

# ГУРЫЩIЭ МОТИВХЭР ТЫУАРШЫ АСЛЪЭН И «ПСЫКЪЕЛЪЭМ И МАКЪАМЭХЭР» РОМАНЫМ КЪЫЗЭРЫЩЫГЪЭЛЪЭГЪУАР

**Бозий Наимэ Борис ипхъу**
Бэрбэч Хь.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет, Налшык, Урысей, naimabozieva@mail.ru, https://orcid.org/0000-0002-0767-2825

**Аннотацэ.** Статьяр хуэгъэпсащ адыгэ (шэрджэс) тхакIуэ Тыуаршы Аслъэн Умар и къуэм (1929-2015) и «Псыкъелъэм и макъамэхэр» романым гурыщIэ макъамэхэр къызэрыщыгъэлъэгъуар зэпкърыхыным. Апхуэдэ щIэныгъэ лэжьыгъэ нобэр къыздэсым зэрыщымыIар мы тхыгъэм и мыхьэнэмрэ и щIэщыгъуагъымрэ щыхьэт тохъуэ. Къэхутэныгъэм гулъытэ лей щыхуэщIащ тхыгъэм и гупсысэ нэхъыщхьэр, образхэр зэпкърыхыным. Лэжьыгъэм къыщыхэгъэщхьэхукIащ тхакIуэм Дал-Джэрий, Тенджыз, Нэт, Зед сымэ я образхэр къызэрехъулIар. Къэхутэныгъэм кърикIуахэр статьям къыщыгъэлъэгъуащ: а) Тыуаршы Аслъэн образ гукъинэжхэр къигъэщIащ; б) романым и сюжетыр ехьэлIащ Кавказ зауэм адыгэ лъэпкъым къыхуихьа гуауэм; в) тхыгъэр лиризм щабэкIэ гъэнщIащ. «Псыкъелъэм и макъамэхэр» романым быдэу щызэпыщIащ зауэмрэ мамырыгъэмрэ, гъащIэмрэ ажалымрэ, гуауэмрэ гуфIэгъуэмрэ, лъагъуныгъэмрэ лъагъумыхъуныгъэмрэ. Тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуащ лIыхъужьхэм я психологиер, персонажхэм я хьэл-щэн зэхуэмыдэхэр, я псэм щекIуэкI зэныкъуэкъур, фIыуэ зэрылъэгъуа ныбжьыщIэхэм я гурыщIэ дахэр. Къэхутэныгъэм кърикIуахэр лъэпкъ литературэр зыджхэмрэ езыгъэджхэмрэ, апхуэдэуи абы теухуауэ щIэныгъэ лэжьыгъэ зытххэм яхуэщхьэпэнущ.

**Зэрыгъуазэ псалъэхэр:** адыгэ (шэрджэс) литературэ, тхыдэ роман, Тыуаршы Аслъэн, лиризм, психологизм, гурыщIэ макъамэхэр, Кавказ зауэ, образхэр.

**Цитатэ къызэрыхэпхынур**: Бозий Н.Б. ГурыщIэ мотивхэр Тыуаршы Аслъэн и «Псыкъелъэм и макъамэхэр» романым къызэрыщыгъэлъэгъуар // Электронный журнал «Кавказология». – 2026. – № 1. – С. 212-222. – DOI: 10.31143/2542-212X-2026-1-212-222. EDN: SLFPYA.

© Бозий Н.Б., 2026

Original article

# LYRICAL MOTIVES IN THE NOVEL BY ASLAN TUARSHEV «MELODIES OF THE WATERFALL»

**Naima B. Bozieva**

Kabardino-Balkarian State University named after H.M. Berbekov, Nalchik, Russia, naimabozieva@mail.ru, https://orcid.org/0000-0002-0767-2825

**Abstract.** The article examines lyrical motifs and melodies in the novel "Melodies of the Waterfall" by the Adyghe (Circassian) writer Aslan Umarovich Tuarshev (1929-2015). The relevance and novelty of the study is due to the insufficient study of this topic in national literary criticism. The main attention is paid to identifying the main themes and analyzing the system of images. Particular attention is paid to the author's skill in creating psychologically convincing images of Dal-Girey, Tengiz, Nat and Zed, as well as in the use of portrait characteristics. As a result of the study, the following conclusions were made: a) sensitive perception of the surrounding world allowed A. Tuarshev to create a vivid gallery of memorable artistic images; b) the plot of the novel develops against the background of the events of the Caucasian War, which brings additional drama to the narrative; c) the work is imbued with lyrical motifs reflecting the complex interweaving of war and peace, life and death, joy and grief, love and hate. The novel reveals the psychology of the characters, gives a detailed description of their inner world. A. Tuarshev managed to reliably convey the spirit of the era and show the story of tragic love, with all the accompanying emotional experiences. The results of the study can be used in educational and research activities.

**Keywords:** Adyghe (Circassian) literature, historical novel, Aslan Tuarshev, lyricism, psychologism, lyrical melodies, Caucasian War, images.

**For citation:** Bozieva N.B. Lyrical motives in the novel by Aslan Tuarshev «Melodies of the waterfall». IN: Electronic journal «Caucasology». – 2026. – № 1. – P. 212-222. – DOI: 10.31143/2542-212X-2026-1-212-222. EDN: SLFPYA.

---

© Bozieva N.B., 2026

Научная статья

# ЛИРИЧЕСКИЕ МОТИВЫ В РОМАНЕ ТУАРШЕВА АСЛАНА «МЕЛОДИИ ВОДОПАДА»

**Наима Борисовна Бозиева**
Кабардино-Балкарский государственный университет им. Х.М. Бербекова, Нальчик, Россия, naimabozieva@mail.ru, https://orcid.org/0000-0002-0767-2825

**Аннотация.** В статье исследуются лирические мотивы в романе «Мелодии водопада» адыгского (черкесского) писателя Аслана Умаровича Туаршева (1929-2015). Актуальность и новизна исследования обусловлены недостаточной изученностью данной темы в национальном литературоведении. Основное внимание уделяется выявлению основной тематики и анализу системы образов. Особо отмечается мастерство автора в создании психологически убедительных образов Дал-Гирея, Тенгиза, Нат и Зеда, а также в использовании средств портретной характеристики. Исследование позволило сделать следующие выводы: а) чуткое восприятие окружающего мира позволило А. Туаршеву создать яркую галерею запоминающихся художественных образов; б) сюжет романа развивается на фоне событий Кавказской войны, что вносит дополнительный драматизм в повествование; в) произведение проникнуто лирическими мотивами, отражающими сложное переплетение войны и мира, жизни и смерти, радости и горя,

любви и ненависти. В романе раскрыта психология героев, дана развернутая характеристика их внутреннего мира. А. Туаршеву удалось достоверно передать дух эпохи и показать историю трагической любви, со всеми сопутствующими ей душевными переживаниями. Результаты исследования могут быть использованы в образовательной и научно-исследовательской деятельности.

**Ключевые слова:** адыгская (черкесская) литература, исторический роман, Аслан Туаршев, лиризм, психологизм, лирические мелодии, Кавказская война, образы.

**Для цитирования:** Бозиева Н.Б. Лирические мотивы в романе Туаршева Аслана «Мелодии водопада» // Электронный журнал «Кавказология». – 2026. – № 1. – С. 212-222. – DOI: 10.31143/2542-212X-2026-1-212-222. EDN: SLFPYA.

© Бозиева Н.Б., 2026

Иджырей шэрджэс прозэм згъэужьыным хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIахэм ящыщщ Тыуаршы Аслъэн Умар и къуэр (1929–2015). «Абы и цIэм епхащ иджырей цIыхум и хьэл-щэным, иджырей гъащIэм ехьэлIа темэм шэрджэс литературэм зыщиужьыныр» [Бекизова 2012: 172]. Зи сабиигъуэр зауэм хиубыдэу пасэу балигъ хъуа ныбжьыщIэхэм ящыщщ Тыуаршыр. Илъэс пщыкIуплI ны-бжьым иту ар станокым бгъэдэуват: «Апщыгъуэм, дауи, абы и гупсысэм къыхэхуагъэнкъым станокым и лажьэ макъыр щIэжьыуэ зыхуэхъуа и гъащIэ гъуэ-гур, Инжыдж уэрым ещхьу, зэтеувыIэ имыIэу ипэкIэ кIуэуэрэ зытемыукIытыхьыжыну лъэужь къызэринэкIыну» [Бемурзов 2006: 44–45]. Хэку зауэшхуэм и зэманми зауэ нэужь илъэсхэми гугъуехьри нэщIэбжьэри зи нэгу щIэкIа щIалэ цIыкIухэм я фэ дэкIам щыгъуазэ уещI иужькIэ итхыжа «ГъущIыр плъа щIыкIэ» художественно-документальнэ очеркым.

Тыуаршы А. адыгэбзэр фIыуэ ищIэрт, тхэнми пасэу гу хуищIат. «Ар сыт хуэдэ лэжьыгъэ IэнатIэ пэрымытами, къалэмыр зэикI игъэтIылъакъым. АбыкIэ сэбэп къыхуэхъуащ илъэс куэдкIэ «Ленин нур» (иджы «Черкес хэку») газетым зэрыщылэжьари» [Адыгские писатели… 2023: 100].

Тыуаршы А. и творчествэм къызэрыщIидзар очеркхэмрэ рассказхэмкIэщ. Очеркхэр газет тхыгъэм и жанрым иту гъэпсахэт, ахэр нэхъыбэу зытеухуар лэжьакIуэбэ пэрытхэрт. Очеркым и щэхухэр зэригъэщIа нэужь, тхакIуэм рассказ жанрыри къигъэIэрыхуащ.

И гъащIэ гъуэгуанэ мытыншымрэ и хъуэпсапIэ лъагэхэмрэщ Тыуаршым и художественнэ дунейм лъабжьэ хуэхъуар. Ар зэрыабрагъуэр къагъэлъагъуэ тхакIуэм и тхыгъэхэр иту дунейм къытехьа тхылъибгъум: «Очеркхэмрэ рассказхэмрэ» [Туаршев 1966], «ЛIыгъэр щагъэунэхум» япэ тхылъ [Туаршев 1967], «ЛIыгъэр щагъэунэхум» етIуанэ тхылъ [Туаршев 1971], «Испытание мужества» [Туаршев 1976], «Сэтэнейр къэгъагъэмэ» [Туаршев 1978], «Когда зацветет сэтэней» [Туаршев 1982], «Нобэ е зэи» [Туаршев 1993], «Дыщэ бгырыпх» [Туаршев 1998], «Псыкъелъэм и макъамэхэр» [Туаршев 2007].

«Абы и литературэ лэжьыгъэр къыщежьар «Ленин нур» газетым и редакцэм щылэжьа 1960–1962 илъэсхэрщ. Промышленнэ отделым и унафэщIу щыткIэрэ, ар фIыуэ щыгъуазэ мэхъур гъащIэм и зэхэлъыкIэм, зэманым къигъэув Iуэхугъуэхэм, къегъэIэрыхуэр журналист IэщIагъэр. Абы трегъэгушхуэри

зрепщытыр литературэм елэжьыным – етхыр очеркхэмрэ рассказхэмрэ» [Бемурзов 2006: 46].

«Тыуаршы Аслъэни «псэукӀэщӀэм» и гъукӀэгъэсэнкъым, абы и дунейри, и гупсысэри зыпсыхьар къызыхэхъукӀа совет гъащӀэрщ. ТхакӀуэм и романхэм я художественно-эстетикэ щытыкӀэри, жанрым и къэухьри япэкӀэ кӀуэта пэтми, ахэри къызэрытэджыкӀар езыр къызэрыхъукӀа «жылагъуэ къупхъэрщ», абы щыгъуэ лъапӀэныгъэ нэхъыщхьэу ялъытэу щытахэрщ. 80 гъэхэм икухэм къыщыщӀэдзауэ екӀуэкӀа демократие зэхъуэкӀыныгъэхэм, псом япэу нахуагъэр ищӀыӀу къызэрыхъуам ижь Тыуаршым и творчествэми къыщӀихуащ» [Тимижев 2013: 125].

ТхакӀуэм и прозэм къаруущӀэ къыхыхьащ, нэхъапэкӀэ зэхуэщӀауэ щыта темэхэр къызэӀухыныр абы къалэн нэхъыщхьэ щыхъуащ, къигъэщӀ лӀыхъужьхэм я щыӀэкӀэ-псэукӀэм щӀилъхьэ гупсысэм лъэпкъ тхыдэм и плъыфэр ебэкӀыу хуежьащ. Абы и щапхъэщ «Псыкъелъэм и макъамэхэр» (2007) романыр. Абы наӀуэу къыхощ ар дунейм къыщытехьа лъэхъэнэм и плъыфэрэ зэман зэблэкӀыгъуэм адыгэм и Ӏуэху еплъыкӀэм къыщыхъуа зэхъуэкӀыныгъэхэмрэ.

XIX лӀэщӀыгъуэм адыгэхэр зыхэта тхыдэ Ӏуэхугъуэшхуэхэрщ «Псыкъелъэм и макъамэхэр» романым и сюжетым лъабжьэ хуэхъуар. «Сюжетыр удихьэхыу гъэпсащ, тхыгъэм и бзэр къулейщ, персонажхэм я образхэр (Джэтокъуэ Дал-Джэрий, Зел. Болэт, Тенджыз) тхакӀуэм къехъулӀащ» [Адыгские писатели… 2023: 100].

Ар зытеухуар Кавказ зауэмрэ абы и Ӏэужьхэмрэщ. А лъэхъэнэм къыдэкӀа тхыдэ романхэм къыщхьэщыкӀыу, Тыуаршы А. и тхыгъэм лиризмэр нэхъ щытепщэщ. ТхакӀуэр хущӀокъу тхыдэм и пэжыпӀэм цӀыхухэм щыгъуазэ хуэщӀыным.

«Тхыдэ романхэм зэрыщыхабзэу, Тыуаршы А. и «Псыкъелъэм и макъамэхэр» тхыгъэми хэтщ зэхэуэ гуащӀэхэр къыщыгъэлъэгъуэжа теплъэгъуэхэри (псалъэм папщӀэ, Беслъэнгъущӏ къалэр адыгэхэм зэрахъумар е ЛютӀокъуэ деж щекӀуэкӀа зауэр, нэгъуэщӀхэри), лӀыгъэ зэхэгъэкӀыпӀэ къихута адыгэ щӀалэхэм (Зед, Тенджыз сымэ) я зэфӀэкӀым теухуа Ӏыхьэхэри, лъэпкъым и цӀыхухэр зэрауштыжу яхэта хамэ щэхурылажьэхэри, кавказ щӀыналъэр зэпэзыубыда къэралыгъуэжьхэм я политикэ мыхъумыщӀэхэри, гъэпцӀагъэ зэрахьахэри» [История адыгской… 2021: 156–157]. «Псыкъелъэм и макъамэхэр», адрей тхыдэ романхэм къащхьэщыкӀыу, нэхъыбэу зытещӀыхьари щекӀуэкӀ Ӏуэхугъуэ псори зэгъэщӀылӀэжари гурыщӀэрщ. Ар езы романым и фӀэщыгъэцӀэми къыбжеӀэ.

Романым и купщӀэр урыс пащтыхьым и лӀыкӀуэу адыгэхэм я деж къигъэкӀуэжа флигель-адъютант Тенджызрэ адыгэпщ Дал-Джэрий ипхъу Нэтрэ я лъагъуныгъэрщ. «Ауэ «псыкъелъэ макъамэр дежьууэ Нэт уэрэд жиӀэу» къежьа, а гурыщӀэ дахэр «псыкъелъэм гъыбзэ жиӀэу» иухыжыным хуэзышар зауэ мыгъуэжьырщ, адыгэхэм «джаур зауэжь» зыфӀащарщ» [Тимижев 2013: 126]. Тхыгъэм и сюжетыр иӀыгъщ абы, гукъэкӀыжу щытми, хъыбару яӀуэтэжми, лӀыхъужьхэр хэпщӀауэ къекӀуэкӀми. Ахэр пэжагъ ин хэлъу тхыжащ, тхыдэм зи цӀэхэр (фӀыкӀи ӀейкӀи) къыхэзына дзэзешэхэр, лъэпкъым, цӀыхубэм я пашэхэр хэту. ИтӀани, псэм, гум ехуэбылӀэ теплъэгъуэхэм тхыгъэм увыпӀэшхуэ щаубыд. Романым къыщыгъэлъэгъуащ адыгэ лъэпкъым, а зэман бзаджэм ишэча хьэзабыр.

Абыхэм я нэгум щIэкIа гузэвэгъуэмрэ къатехьа леймрэ гущIэгъу яхуумыщIынкIэ Iэмал иIэкъым.

ТхакIуэм романым Iэзэу къыщегъэлъагъуэ адыгэ лъэпкъым и хабзэ хьэщыкъ узыщIыр, псалъэм папщIэ, хьэгъуэлIыгъуэр зэрекIуэкIыр, хьэщIэм, нэхъыжьым пщIэшхуэ зэрыхуащIыр, зэшхэм, зэныбжьэгъухэм яку дэлъ гуапагъыр, нэгъуэщI куэди. Тыуаршы Аслъэн и ехъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщу къэплъытэ хъунущ и образ къэгъэщIыкIэр, абыхэм я псэкупсэ дунейр хьэлэмэту зэриухуэр. Романым лъабжьэ хуэхъуар тхыдэрщ, ауэ тхакIуэм хузэфIэкIащ а зэманыр IупщIу художественнэ Iэмалхэмкlэ гъэщIэращIауэ, ди нэгу къыщIигъэхьэжын.

Тхыгъэр щIедзэ Iуэху пщэрылъ къыхуищIу Урысей пащтыхьым джыназ, флигель-адъютант Увжыкъуэ Тенджыз Кавказым къигъэкIуауэ. «Iуэхуу пщэрылъ къыпхуащIар зэрыбгъэзэщIэфым елъытащ цIыху мин бжыгъэхэм я гъащIэр, джыназ, лъэпкъ псом и гъащIэр зэрыхъуну дыдэр елъытагъэнкIи хъунущ» [Туаршев 2007: 7], – къыжреIэ графым. Иджыри къэс Тенджыз къыхуихуатэкъым Iуэху пщэрылъ къыхуащIар имыгъэзащIэу. Балигъ мыхъупауэ ар къыщыхутат пащтыхьым гъунэгъуу пыщIа дзэзешэшхуэхэм я дежи, хэт хуэмызами, фэ зытет щIалэ жан зытеубыдар фIыуэ къалъагъуу, бын пэлъытэу яIащ. Джыназхэм яхэтурэ Тенджыз къыщIэтэджащ и псалъэм хуэщыпкъэным, Iэдэбагъэм, и щхьэм пщIэ хуищIыжу лIыгъэ хэлъыным. ГурыхуагъэкIэ къахэщу, урысыбзэм къыщымынэу, франджыбзэми хуэкъулейуэ Кадет корпусыр къиуха нэужь, къулыкъу ищIэу ар дзэм хыхьэжат. Зауэ IуэхукIэ дэнэ къэрал къыщыщIимыдзами, хахуагъкIэ къыхуэт щымыIэу, къалэну хуагъэувым псынщIэу Iэмал къыхуигъуэтрэ, шынэ жыхуаIэр имыщIэу, зэфIиуду зыгъэзащIэ, псэм дыхьа офицер ныбжьыщIэр дзэзешэшхуэхэм къуэдзэу яIэну зэпаубыдырт. Иужьрей зэманым ар егъэза хъуат пащтыхьым пщэрылъ къыхуищIам. Ар ауэ къызэрымыкIуэ къэрал Iуэху гугъут, икIи абы и зэфIэгъэкIыным езы адыгэпщ Увжыкъуэ Тенджызи дуней дахащэ къыхузэIуихырт.

Тенджыз зыщыщыр Кавказырщ, ауэ, и адэ-анэр яукIа нэужь, абы и гъащIэм зэуэ зехъуэжри Урысейм щапI, иужьым абы къулыкъу щищIэу щIедзэ. Ар цIыху зэтетщ, еджагъэшхуэщ, куэдым хещIыкI, Iущщ, тэмакъкIыхьщ, лъэпкъым папщIэ, мамырыгъэм папщIэ щIэмыгупсысэу и псэр итыну хьэзырщ. Романым и пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэс мамырыгъэм и телъхьэу, лъэпкъым и къэкIуэным щIэгупсысу, зауэр зэригъэувыIэным хущIэкъуу дегъэлъагъу тхакIуэм. Тенджыз Тыуаршым къыдегъэцIыху сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи: лъэпкъым зэрыхущытри, ныбжьэгъугъэкIи (Далил, Зед), лъагъуныгъэкIи (Нэт). Сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи уемыплъми а цIыху нэсым зы хьэл хэбдзыну хэплъа-гъуэркъым. Тенджыз и щхьэ закъуэ насыпым хущIэкъуркъым, и псэм езыр хуитыжкъым, ар абы иритащ Хэкум, мамырыгъэм, ныбжьэгъугъэм, лъагъуныгъэм. Кавказым къэса нэужь, Тенджыз йоблагъэ Джатокъуэ къуажэм япщ Дал-Джэрий и унэм, ауэ ар зэрырагъэблагъэу пщыр и гукъэкIыж шынагъуэхэм зэщIаубыдэ.

«– Сэ си цIэр Тенджызщ, пщы Увжыкъуэ Болэт тхьэмыщкIэ срикъуэщ, – жиIащ офицер щIалэм, – къысхуэвгъэгъу иджырэ къэс зэрыжызмыIар, си гъусэхэми яIэщIэгъупщыкIыжащ… Урысей пащтыхьым и деж къулыкъу щызощIэр…

Дал-Джэрий и пащхьэм топышэ къыщыуам хуэдэу, къаскIэри и щхьэм дэуеящ, Увжыкъуэ Болэт и цIэр щызэхихым. Гу лъатэкIэ игу гъущ, къэгузэвэжри, тахътэм здытесым абы зигъэхъеящ, плъыжьыбзэ хъури, итIанэ, и нэкIум лъы щIэмытыж хуэдэ, фагъуэ хъужащ. И Iэпэхэр зэрыкIэзызыр зэхищIэу и кIэ жыпым бэльтоку кърихри, пщIэнтIэпс къызытрихуа и натIэми и напэми телъэщIыхьащ.

«Зэрещхьыщэ! Увжыкъуэ Болэт къэтэджыжри лъыщIэж къысхуэкIуащ! – егупсыст ар, щилъэгъуар иджыпсту хуэдэ, офицер щIалэр къызэпиплъыхьу, – зэуэ щхьэ къэзмыщIыхуарэ мыр?!

Абы и нэгу щIэтт Болэт, щIагъщIэлъ нэхъ щымыгъыу, и щхьэгъусэ яукIар зыхэлъ пIэ лъы защIэм къиуварэ Дал-Джэрий япэ зэриту тебэна лIыхэм сэшхуэкIэ къайзауэу гъуэлъыпIэм щита дакъикъэхэр…» [Туаршев 2007: 11]

Мы пычыгъуэхэр епхащ тхыгъэм адэкIэ къыщыхъу Iуэхугъуэхэм, Дал-Джэрий Тенджыз и хущытыкIэм, сыт щыгъуи дзыхь хуимыщIу зэрыщытым. Тенджыз хуейкъым лъы игъэжэну. Романым и кIэхэм дежщ абы Iуэхур зытетыр къыщищIэр, ауэ и Iуэху еплъыкIэхэр ихъуэжккъым, лъэпкъ Iуэхур, лъагъуныгъэр нэхъапэу къелъытэри. Абы къыгуроIуэ а Iуэхум (адэ-анэр зэраукIам) хэтахэр гъэпцIагъэкIэ зэрыхагъэхьар, абы къыхэкIкIи зыми ялъ ищIэжыну хуейкъым, ауэ Дал-Джэрий къэгъэшыгъуафIэкъым мы Iуэхум теухуауэ. Пщым и дзыхь мыщIынымрэ, жыжьэ зэрымыплъамрэ гузэвэгъуэ куэд кърокIуэ.

«Псыкъелъэм и макъамэхэм» Тыуаршым Iэзэу къыщегъэлъагъуэ а зэманым пщыхэм я зэхуаку зэгурымыIуэныгъэ зэрыдэлъар, зы унафэ зэгурыIуэу зэрамыщIыфыр. Тенджыз и Iущыгъэм, и гу къабзагъэм къыхэкIыу хузэфIокI ахэр зэгуригъэIуэн, дахэ защIэкIэ, псалъэ шэрыуэкIэ Iуэхур зытетыр яхуиIуэтэн: «ТхьэмыщкIагъэу лъэпкъым къылъэIэсам къарукIэ ущыпэмылъэщкIэ, акъылыр Iэпэгъу щIауэ лъэпкъым шынагъуэр щхьэщыха зэрыхъуным егупсысын хуейщ. Уэр-уэру, уи щхьэ акъылкIэ уегупсысмэ къыбгурыIуэнкIи игъуэщ уи щIыналъэ зыпылъ къэралышхуэм уебийуэ зыпэщIумытIэу, узэгурыIуэу, цIыхугъэ уи яку дэлъу упсэун папщIэ Iэмалу щыIэр къэбгъэсэбэпын зэрыхуейр» [Туаршев 2007: 115].

Тенджыз псэ хьэлэл зыбгъэдэлъ, лъагъуныгъэ къабзэ зи лъахэм хузиIэ, абы и щхьэхуитыныгъэм, и насыпым и бэнакIуэ псэемыблэж, къыдалъхуахэм я зэIузэпэщыр зи щхьэ Iуэхум япэ изыгъэувэ цIыхущ.

Нэт адыгэ хэкум щыцIэрыIуэ пщы Дал-Джэрий ипхъущ, Тенджыз фIыуэ илъагъу пщащэщ. Мыхэр япэу щызэрылъэгъуар Дал-Джэрий и хьэщIэщырщ, Iэнэр къиузэдыну абы щIыхьат Нэт: «Пщащэ цIыкIум и щхьэц ухуэнар и щIыбкIэ иридзэкIри и напэр мащIэу плъыжь къэхъуауэ, жьантIэмкIэ къежьащ. Дыжьын бгырыпх цIыкIур зэшэкIа ибг псыгъуэр мащIэу иришу ар къыздэкIуэм Тенджыз и нэхэр ерагъыу къыкIэричыжащ…» [Туаршев 2007: 15].

Тенджыз Нэт хуиIэ щытыкIэр романым мыпхуэдэу къыщыгъэлъэгъуащ: «Дунеишхуэ, нурыр къыщхьэщехыр! Сыту псэущхьэ дахэ атIэ мы цIыкIур! – егупсыст ар. Тенджыз зэхищIэт а пщащэр зэрилъагъурэ зыгуэр къызэрыхъуар, нэхъри нэху, икIи нэхъ гуапэ хъуа къыщыхъут ахэр зыщIэс пэшышхуэр, щIэрыщIэщу абы къызэпиплъыхьт щакIуэ нэщэнэу блынхэм кIэрылъхэр» [Туаршев 2007: 18].

Нэт хъыджэбз тхьэIухудщ, хабзэ ткIийм щIапIыкIащ, еджэным и гур хуопабгъэ, и ныбжьым емылъытауи лIыгъэшхуэ бгъэдэлъщ. Зэхуэфащэ дыдэу зришэлIат мы тIур гъащIэм, зэман кIэщIкIэ зыхуогуакIуэ езыхэри, ауэ гугъуехь куэд къызэранэкIын хуей мэхъу. А псоми хахуэу япэщIоувэ фIыуэ зэрылъагъуитIыр, я лъагъуныгъэ хеймрэ я насыпымрэ зэман бзаджэм щахъумэн я мураду.

Психологизм куукIэ гъэнщIащ Дал-Джэрий и образыр. Ар пщы ахъырзэманщ, ткIийщ, еджагъэшхуэу щымыт щхьэкIэ гъащIэм куэд щилъэгъуащ, куэдым и пIалъэ ещIэ, хещIыкI. Адрей тхакIуэхэм къащхьэщыкIыу Тыуаршым пщы залымыгъэм и образкъым къигъэщIыр, атIэ пщы акъылыфIэщ, лъэпкъым и къэкIуэным тегузэвыхьу. «Уи лъэпкъым хуэпщIар пщIа псом нэхърэ нэхъ лъапIэщ» псалъэжьыр сыт щыгъуи и щхьэм илъщ абы, икIи и гум къамэр къыхаIуху и къуаншагъэр игъэзэкIуэжыну хущIокъу. Дал-Джэрий и образымкIэ тхакIуэм дегъэлъагъу, цIыху закъуэтIакъуэ мыхъуу, адыгэ лъэпкъым зэрыщыту щIэныгъэм зратын зэрыхуейр. Дал-Джэрий ищIа щыуагъэхэр къыгурымыIуэныгъэм, Iуэхум и пэжыпIэр зытетыр зэримыщIам къыхэкIащ. Пщыр, цIыхухэр езым хуэдэу хьэлэлрэ я гум илъыр жаIэу къыщыхъуа щхьэкIэ, къопцIэ. Ахэр къыгурыIуэжу, ичрам къихьыжа нэужьи зыми къыхуегъэгъэзэжкъым. Романым укъыщеджэм и деж, псом япэ зэхыбощIэ пщым и гуауэр. Абы хуабжьу къытохьэлъэ ипэкIэ узэIэбэкIыжмэ къыIэщIэщIа щыуагъэр. Дал-Джэрий и гур къызэгуэчыным хуэдэщ, нэхъыбэжу къэзыгъэлыбыр и гухэлъхэр и Iыхьлыхэм зэражримыIэжыфырщ, ауэ дапхуэдиз бэлыхь псэкIэ имышэчами, губжьауэ унафэ щIын зэрыхуэмейр къыгуроIуэ, Iуэхур лъэпкъым деж щынэсам дежи и щхьэ закъуэкъым зэгупсысыр. Тенджыз и деж зэрыщыкъуаншэр къыгурыIуэжащи, апхуэдэ лейр щIалэм имыгъэгъуну къыщохъу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ езы Дал-Джэрий зэи игъэгъунутэкъым. Аращ пщым етIуанэ щыуагъэри къыщIыIэщIэкIыр, ауэ ар бгъэкъуаншэ хъунукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Дал-Джэрий зыщIапIыкIа хабзэжьым тету аращ. ЩIэ ягъэIущ щхьэкIэ, жьы яущиижрэ?!

Пщы Дал-Джэрийрэ Тенджызрэ зэпэщIегъэувэ Тыуаршым. ТIуми гъащIэм нэхъыщхьэу щаIэр лъэпкъым и ефIэкIуэныгъэмрэ хэкур хъумэнымрэщ. Пщым и Iуэху еплъыкIэм къыщхьэщыкIыу Тенджыз и мурадхэр къызэрехъулIэным и Iэмалу илъагъур Урысей къэралыгъуэм и жьауэм щIэувэнырщ: «Адыгэ лъэпкъыр и щIыгурэ и щIыхьрэ ихъумэжыфу, цIыху хуэдэу псэун папщIэ, зы къэралу зэрыубыдыжрэ зы унафэм щIэувэу, Iэдэбыр здэткIий, хэкур хъумэным хухэха дзэшхуэ къызэригъэпэщын хуейт, IэщэкIи, шхынкIи, фащэкIи зыхуэныкъуэншэу. НэгъуэщI къэралхэм еджакIуэ игъакIуэми, егъэджакIуэхэр къригъэблагъэми, зэрыжаIэу, дзэзешэхэр иримыгъаджэмэ, ди зэманым дзэ сыугъуеящ жыхуэпIэр зыми щыщкъым» [Туаршев 2007: 18].

Дэтхэнэ цIыхуми и унагъуэр, и щхьэр зэрихъумэжым и щапхъэ къытхуехь тхакIуэм пщы Дал-Джэрий и образымкIэ. Тенджыз езым игъэхьэщIэн хуейуэ къыщыхуихуэкIэ, куэдым йогупсыс ар, и гугъэщ и унагъуэм зэран хуэхъун папщIэ, езым и псэр хихын и мураду а унагъуэр бысыму къыхихауэ, ауэ ар и етIуанэ щыуагъэшхуэу къыщIокI. А псор зи щхьэм илъ пщым и фIэщ ищIыфыну

къару игъуэткъым Тенджыз адыгэ лъэпкъым яфI фIэкI зэрызэримыхуэр, «лъыщIэж къэкIуам» хэку лъагъуныгъэр телъхьэпIэ ищIауэ къыфIощI.

ТхакIуэм и ехъулIэныгъэ инхэм ящыщ зыщ мы образитIыр зэрызэпэщIигъэувэр. КуэдкIи зэщхьу я хьэл-щэныр, гъащIэм я лъапIэныгъэхэри зэтехуэу, ауэ я кум къыдэувэ Iуэхугъуэ гугъухэм контраст лъэщым ирагъэувэ: Тенджыз и лъэпкъым хуиIэ лъагъуныгъэм гъуэгу къытригъэувами, а гъуэгур пищэжын папщIэ, Нэт и лъагъуныгъэм хуэныкъуэ мэхъу, Дал-Джэрий и хэкур ихъумэжын мурад иIами, и унагъуэр Тенджыз щихъумэн хуейуэ егъэув. Апхуэдэщи, романым зиубгъухукIэ, лIыхъужьхэм я гъащIэм абы щаIэ лъапIэныгъэхэм зэрызахъуэжым гу лъомытэнкIэ Iэмал иIэкъым, апщIэндэхукIи пщымрэ офицер щIалэмрэ нэхъ быдэжу зэпэщIоувэ. Нэхъ зэщхьэщыкIыныгъэшхуэу образитIым я зэхуаку къыдилъхьэр Тенджыз мурад зыхуигъэувэжахэр, къалэн и пщэм дэлъхэр сыт хуэдэ Iуэху къэмыхъуами зэригъэзащIэрщ, Дал-Джэрий и гупсысэ нэпцIхэм къыхэкIыу къэкIуэным егупсысыну, лъэпкъыр гъуэгу захуэм хуишэну къару зэримыгъуэтыфырщ.

Дал-Джэрий лъэныкъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ дегъэлъагъу Тыуаршым, ауэ езыр зэрыщыт дыдэр къыщытщIэр и гукъэкIыжхэм дащыхэплъэмрэ и щхьэм хуэгъэза монолог щригъэкIуэкIымрэщ. ГукъэкIыж нэхъ хьэлъэ дыдэу абы иIэр БеслъэнгъущI шуудзэ гупым я дзэпщу зэрыщытамрэ Увжыкъуэхэ я унагъуэр зэрызэтраукIамрэщ: «АтIэ лъы дощIэж жытIэурэ лажьэ зимыIэ зэ-щхьэгъусэхэр зытедукIауэ пIэрэт а жэщым?! – и гущIэм еIэт Дал-Джэрий. – Апщыгъуэм Увжыкъуэ Болэткъым дыукIар, дэ зыдукIыжащ нэхъ…» [Туаршев 2007: 45].

Тенджыз дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъуауэ, сэбэпынагъышхуэ лъэпкъым къыхуихьауэ къыхощыж Дал-Джэрий и малъхъэ Зед. Акъыл жан, псэ хьэлэл, щIэныгъэшхуэ, гулъытэ, гущIэгъу зыбгъэдэлъ цIыху ахъырзэманщ ар. Тенджызрэ Зедрэ Дал-Джэрий и унэм нэIуасэ щызыхуэхъуащ. Зед гу льетэ Тенджыз и Iущагъым, икIи къыгуроIуэ абы и чэнджэщхэр зыхалъхьэмэ адыгэ лъэпкъыр зэрефIэкIуэныр. Мурад ещI зэрыхузэфIэкIкIэ Тенджыз дэIэпыкъуну. Ар хуабжьу и гуапэ хъуащ Тенджызи. Ар акъылэгъу хуэныкъуэщ. Тенджыз гузавэт, икIи сабийм хуэдэу мэгуфIэ и мурадхэр зыгуэрым къыгурыIуэрэ къыдиIыгъмэ. Апхуэдэ цIыху хъуащ Зед. Пэжщ, Зеди, уеблэмэ, ипэхэм и гугъэт Урысейм зауэлIхэр зыхуашэсрэ япэщIэувэмэ нэхъыфIу, ауэ иужькIэ къыгуроIуэ Тенджызрэ Дал-Джэрийрэ я фIыгъэкIэ, ар зэрымыхэкIыпIэр, зыми щымыщу цIыхухэр зэрыхэкIуэдэнур. ИтIанэ абыхэм яхузэфIокI пщыхэм Iуэху еплъыкIэ тэмэмыр кърагъэщтэныр.

ТхыгъэмкIэ Тыуаршы Аслъэн дегъэлъэгъу къарукIэ узыпэмылъэщын Iуэхугъуэ куэд зэрыщыIэр, IэмалкIэ абыхэм уазэрыпхыкIыфынур, уи щхьэ закъуэ насыпкIэ упсэуныр зэрыикIагъэр, уи гум илъ лъагъуныгъэм хуэпэжын зэрыхуейр. Хуэпэжащ Тенджыз и лъагъуныгъэми, и псэр пытыху хущIэкъуащ мамырыгъэр ихъумэным, и Хэкур химыгъэкIуэдэжыным. КъехъулIауэ жыпIэ хъунущ абы Хэкум теухуауэ ищIа мурад дахэхэр, ауэ дэнэ щыIэ и ныбжьэгъухэр? Дэнэ кIуа апхуэдизу сэбэп къыхуэхъуа и къуэшхэр?! Ятащ абыхэм я псэр я лъахэм, мамырыгъэм папщIэ.

«Псыкъелъэм и макъамэхэр» романым XIX лIэщIыгъуэр къыхэщыжу щытми, тхакIуэм лIыхъужь нэхъыщхьэхэм я дуней еплъыкIэр зэриухуэр

иджырей ди гупсысэкIэм тетущ. Тыуаршым зэманым хуэкIуэу щIалэгъуалэри ихъуэ-жым нэхъ къещтэ. ЩIалэгъуалэми и мызакъуэу нэхъыжьхэми я гупсысэкIэм куэдкIэ зэрызахъуэжами гу щылъыботэ тхыгъэм. Псалъэм папщIэ, пщы Дал-Джэрий хабзэжьым тету, хабзэщIэкъуу романым и пэщIэдзэм дегъэлъагъу тхакIуэм, ауэ образыр нэхъ къыщытцIыхум деж, а цIыхум зэпэщIэуэ хьэл куэд зэрыхэлъыр гунэс тщохъу.

Романым хэт ныбжьыщIэхэм акъыл жан ярет тхакIуэм, нэхъыжьыIуэхэм я Iуэху еплъыкIэхэм, зэманыжь блэкIам зэкIэращIэу щытхэм къащхьэщыкIыу. Тенджыз, Нэт, Далил, Линэ, Зед – псори акъылыфIэхэу, куэд зрагъэзахуэу дегъэлъагъу. Ауэ ныбжьыщIэхэри тегушхуэркъым лъэпкъым и гъащIэм быдэу хыхьауэ къыдекIуэкI хабзэжь гуэрхэм ебэкъуэн. Абы и щапхъэу къэтхьынщ Тенджыз щежьэм и гъусэу ежьэну зэлъэIуа Нэт и жэуапыр:

«Сыуигъусэу сынэкIуэн мыгъуэт, Тенджыз, ауэ апхуэдэу пщIэну Iэмал иIэкъым, – уэ адыгэ лъэпкъым и гъащIэр зэлъыта Iуэху уи пщэ илъщ, арыншэми пщыхэм ерагъкIэ уагурыIуащ, сыуигъусэу сынэкIуа нэужь абыхэм уаIущIэ хъужынукъым… Уэ уи щхьэ Iуэху зепхуэу ахэр къэбгъэпцIауэ жаIэнщи, дзыхь къыпхуащIыжынкъым… Адрейхэми къагурыIуэнукъым, тIэкIунитIэ Iуэхур къызэIыхьэу зэрыхуежьэу укъыщIагъэкIуар уи мыIуэхуауэ нэгъуэщI Iуэху зепхуауэ жаIэжынущ…» [Туаршев 2007: 134].

Дапхуэдиз гугъуехь имышэчами, Урысейм зэрихьэжу офицер щIалэм къыгурыIуащ дзэм Кавказым зэриунэтIар, и гугъэ псори нэпцIу къызэрыщIэкIар. Хуабжьу къехьэлъэкIащ абы и мурадхэр къызэремыхъулIар, Велиштак я Iэтащхьэу Адыгэ хэкум зэраунэтIам нэхъ хуабжьыжу къигъэгузэват, абы залымыгъэ куэд зэрызэрихьэр псоми ящIэрт. Псэууэ къызэтена Нэт закъуи и лъэпкъыр, и Iыхьлы цIыху лъапIэхэр щызэтраукIа щIыпIэм къигъэзэжыну къару игъуэтыжакъым.

«Псыкъелъэм и макъамэхэр» романымкIэ тхакIуэр хущIэкъуащ, фэрыщIагъ лейхэм къапыкIыу, адыгэм и псэукIар, гукIэ зэригъэзахуэ Iуэхугъуэхэр, псэкIэ зыхищIэ дунейр нэхъ кууэ къигъэлъэгъуэн. Романым ехьэлIауэ едгъэкIуэкIа кIэлъыплъыныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуащи, сыт хуэдэ щытыкIэ гугъу имыхуами, тхакIуэм и лIыхъужь нэхъыщхьэхэм яфIэкIуэдыркъым я адыгагъэр. Ар гъуазэу къахуонэж зауэм Iухьэ зауэлIми, зэпсэлъэныгъэхэр езыгъэкIуэкI лIыкIуэми, пщыми, къызэрыгуэкI мэкъумэшыщIэми. ТхакIуэм щIиуфэркъым лъэпкъым и зыужьыныгъэм зэран хуэхъу хабзэжьхэри. Мыхэр фIыщ е мыхэр Iейщ жиIэу, тхакIуэм иукъуэдийркъым, фIымрэ Iеймрэ зэхэгъэкIыныр абы тхылъеджэхэм къахуегъэнэж, и образ гукъинэжхэм ящIыгъуу. Апхуэдэ Iэмалым, романыр инми, еджэгъуафIэ икIи гурыIуэгъуафIэ ищIащ Тыуаршым и тхыгъэ щIэщыгъуэр.

«Псыкъелъэм и макъамэхэр» романым щызэпыщIащ зауэмрэ мамырыгъэмрэ, гуауэмрэ гуфIэгъуэмрэ, гъащIэмрэ ажалымрэ, лъагъуныгъэмрэ лъагъумыхъуныгъэмрэ. Тхыгъэм убгъуауэ къэгъэлъэгъуэжа щыхъуащ лIыхъужьхэм я психологиер, персонажхэм я хьэл-щэн зэхуэмыдэхэр, я псэм щекIуэкI зэныкъуэкъур, фIыуэ зэрылъэгъуа ныбжьыщIэхэм я гурыщIэ дахэр. Романыр лиризм щабэкIи гъэнщIащ. Абы тхыгъэр инми, еджэгъуафIэ ещI икIи утезашэркъым. Шэч къытумыхьэжу жыпIэ хъунущ Тыуаршы Аслъэн и романыр дызыте-

псэлъыхь лъэхъэнэм теухуауэ дунейм къытехьа тхыгъэ нэхъыфIхэм ящыщ зыуэ, лъэпкъ тхыдэ прозэм и хэлъхьэныгъэ щхьэпэу.

## СПИСОК ИСТОЧНИКОВ И ЛИТЕРАТУРЫ

Адыгские писатели… 2023 – Адыгские (адыгейские, кабардинские, черкесские, черкесского зарубежья) писатели XIX–XXI вв. Биобиблиографический словарь. В 3-х тт. Т. III: Р–Я / под ред. Л.Б. Хавжоковой. – Нальчик: Принт Центр, 2023. – 432 с.

История адыгской… 2021 – *История адыгской (кабардино-черкесской) литературы.* Т. 3 [На каб. -черк. яз: Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и тхыдэ. Ещанэ тхылъ]. – Нальчик: Издательство М. и В. Котляровых, 2021. – 508 с.

Бекизова 2012 – *Бекизова Л.А.* Бытие слова. Литературно-критические и художественно-публицистические статьи. – Черкесск: Карачаево-Черкесское республиканское книжное издательство, 2012. – 184 с.

Бемурзов 2006 – *Бемурзов М.Х., Молов Р.Ю.* Адыгская литература: учебник для 11 класса [На каб.-черк. яз.: Бемырзэ М.Хь., Молэ Р.Ю. Адыгэ литературэ: учебник 11 классым папщIэ]. – Черкесск: Карачаево-Черкесское книжное издательство, 2006. – С. 44–50.

Тимижев 2013 – *Тимижев Х.Т.* Черты эпохи по взгляду одного писателя [На каб. -черк. яз.: ТIымыжь Хь.Т. Лъэхъэнэм и плъыфэхэр – зы тхакIуэм и еплъыкIэкIэ // Ошхамахо. – 2013. – № 3. – С. 123–130.

Туаршев 1966 – *Туаршев А.У.* Очерки и рассказы [На каб. -черк. яз.: Тыуаршы А.У. Очеркхэмрэ рассказхэмрэ]. – Черкесск: Карачаево-Черкесское книжное издательство, 1965. – 150 с.

Туаршев 1967 – *Туаршев А.У.* Испытание мужества. Первая книга [На каб. -черк. яз.: Тыуаршы А.У. ЛIыгъэр щагъэунэхум. Япэ тхылъ]. – Черкесск: Карачаево-Черкесское книжное издательство, 1967. – 200 с.

Туаршев 1971 – *Туаршев А.У.* Испытание мужества. Вторая книга [На каб. -черк. яз.: Тыуаршы А.У. ЛIыгъэр щагъэунэхум. ЕтIуанэ тхылъ]. – Черкесск: Карачаево-Черкесское книжное издательство, 1971. – 235 с.

Туаршев 1976 – *Туаршев А.У.* Испытание мужества. Повесть. – Москва: Современник, 1976. – 240 с.

Туаршев 1978 – *Туаршев А.У.* Когда зацветет сэтэней: Роман [На каб. -черк. яз.: Тыуаршы А.У. Сэтэнейр къэгъагъэмэ: Роман]. – Черкесск: Карачаево-Черкесское книжное издательство, 1978. – 424 с.

Туаршев 1982 – *Туаршев А.У.* Когда зацветет сэтэней: Роман. – Москва: Современник, 1982. – 350 с.

Туаршев 1994 – *Туаршев А.У.* Сегодня или никогда: Роман [На каб. -черк. яз.: Тыуаршы А.У. Нобэ е зэи: Роман]. – Черкесск: Карачаево-Черкесское книжное издательство, 1994. – 424 с.

Туаршев 1998 – *Туаршев А.У.* Золотой пояс: Повесть. Рассказы. Очерки [На каб. -черк. яз.: Тыуаршы А.У. Дыщэ бгырыпх: Повесть. Рассказхэр. Очеркхэр]. – Черкесск: Карачаево-Черкесское книжное издательство, 1998. – 272 с.

Туаршев 2007 – *Туаршев А.У.* Мелодии водопада: Роман [На каб. -черк. яз.: Тыуаршы А.У. Псыкъелъэм и макъамэхэр: Роман]. – Черкесск: Карачаево-Черкесское книжное издательство, 2007. – 448 с.

## REFERENCES

*Adygskie (adygejskie, kabardinskie, cherkesskie, cherkesskogo zarubezh'ya) pisateli XIX–XXI vv. Biobibliograficheskij slovar'* [Adyghe (Adyghe, Kabardian, Circassian, Circassian diaspora) writers of the 19th–21st centuries. Biographical dictionary]. In 3 volumes. Vol. III: R–Ya / edited by L.B. Khavzhokova. – Nalchik: Print Center, 2023. – 432 p. (In Russ. and Kabardian-Circassian)

*Istoriya adygskoi (kabardino-cherkesskoi) literatury* [History of Adyghe (Kabardino-Circassian) literature]. T. 3 [Na kab. -cherk. yaz: Adyge (k"eberdei-sherdzhes) literaturem i tkhyde.

Eshchane tkhyl"]. – Nal'chik: Izdatel'stvo M. i V. Kotlyarovykh, 2021. – 508 p. (In Kabardian-Circassian)

BEKIZOVA L.A. *Bitie slova. Literaturno-kriticheskie i khudozhestvenno-publitsisticheskie stati*. – Cherkessk: Karachaevo-Cherkesskoe respublikanskoe knizhnoe izdatelstvo. 2012. – 184 p. (In Russ.)

BEMURZOV M. Kh. MOLOV R.Yu. *Adigskaya literatura: uchebnik dlya 11 klassa* [Na kab.-cherk. yaz.: Bemirze M.Kh. Mole R.Yu. Adige literature: uchebnik 11 klassim papshchIe]. – Cherkessk: Karachaevo-Cherkesskoe knizhnoe izdatelstvo. 2006. – P. 44–50. (In Kabardian-Circassian)

TIMIZHEV Kh.T. Cherty epokhi po vzglyadu odnogo pisatelya [Na kab. -cherk. yaz.: TIimizh Kh.T. Lekhenem i plifekher – zi tkhakIuem i yeplikIekIe // Oshkhamakho. 2013. № 3. P. 123–130. (In Kabardian-Circassian)

TUARSHEV A.U. *Ocherki i rasskazi* [Na kab. -cherk. yaz.: Tiuarshi A.U. Ocherkkhemre rasskazkhemre]. – Cherkessk: Karachaevo-Cherkesskoe knizhnoe izdatelstvo. 1965. – 150 p. (In Kabardian-Circassian)

TUARSHEV A.U. *Ispitanie muzhestva. Pervaya kniga* [Na kab. -cherk. yaz.: Tiuarshi A.U. LIiger shchageunekhum. Yape tkhil]. – Cherkessk: Karachaevo-Cherkesskoe knizhnoe izdatelstvo. 1967. – 200 p. (In Kabardian-Circassian)

TUARSHEV A.U. *Ispitanie muzhestva. Vtoraya kniga* [Na kab. -cherk. yaz.: Tiuarshi A.U. LIiger shchageunekhum. YetIuane tkhil]. – Cherkessk: Karachaevo-Cherkesskoe knizhnoe izdatelstvo. 1971. – 235 p. (In Kabardian-Circassian)

TUARSHEV A.U. *Ispitanie muzhestva. Povest.* – Moskva: Sovremennik. 1976. – 240 p. (In Russ.)

TUARSHEV A.U. *Kogda zatsvetet setenei: Roman* [Na kab. -cherk. yaz.: Tiuarshi A.U. Seteneir kegageme: Roman]. – Cherkessk: Karachaevo-Cherkesskoe knizhnoe izdatelstvo. 1978. – 424 p. (In Kabardian-Circassian)

TUARSHEV A.U. *Kogda zatsvetet setenei: Roman.* – Moskva: Sovremennik. 1982. – 350 p. (In Russ.)

TUARSHEV A.U. *Segodnya ili nikogda: Roman* [Na kab. -cherk. yaz.: Tiuarshi A.U. Nobe ye zei: Roman]. – Cherkessk: Karachaevo-Cherkesskoe knizhnoe izdatelstvo. 1994. – 424 p. (In Kabardian-Circassian)

TUARSHEV A.U. *Zolotoi* poyas: *Povest. Rasskazi. Ocherki* [Na kab. -cherk. yaz.: Tiuarshi A.U. Dishche bgiripkh: Povest. Rasskazkher. Ocherkkher]. – Cherkessk: Karachaevo-Cherkesskoe knizhnoe izdatelstvo. 1998. – 272 p. (In Kabardian-Circassian)

TUARSHEV A.U. *Melodii vodopada: Roman* [Na kab. -cherk. yaz.: Tiuarshi A.U. Psikelem i makamekher: Roman]. – Cherkessk: Karachaevo-Cherkesskoe knizhnoe izdatelstvo. 2007. – 448 p. (In Kabardian-Circassian)

**Авторым теухуауэ**

Бозий Н.Б. – филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, доцент.

**Information about the author**

N.B. Bozieva– candidate of philology, docent/

**Сведения об авторе**

Н.Б. Бозиева– кандидат филологических наук, доцент.

Тхыгъэр редакцэм къргагъэхьащ 30.11.2025 гъ.; рецензэ нэужьым къащтащ 15.03.2026 гъ.; къытрадзэнущ 30.03.2026 гъ.

The article was submitted 30.11.2025; approved after reviewing 15.03.2026; accepted for publication 30.03.2026.

Статья поступила в редакцию 30.11.2025 г.; одобрена после рецензирования 15.03.2026 г.; принята к публикации 30.03.2026 г.